

Reglemantasyon travay

MAINE
DEPARTMENT OF
LABOR

Bureau of Labor Standards

Lwa sou Travay Eta Maine yo pwoteje moun k ap travay nan Maine. Depatman Travay Maine bay lwa tout patwon yo dwe respekte. Repezantan depatman yo enspekte espas travay yo pou yo asire yo ke respekte lwa yo. Yo ka bay patwon ki pa respekte lwa yo sitasyon ak sanksyon.

Afich sa a dekri kèk pati enpòtan nan lwa yo. Rele nan 207-623-7900 pou ka jwenn yon kopi lwa aktyèl yo oswa entèpretasyon fòmèl yo nan Depatman Travay, Biwo Nòm Travay. (Lwa yo sou paj entènèt biwo a tou.)



Lwa Maine (Tit 26 Lwa Revize Maine ki Anote § 42-B) egzije pou chak patwon mete afich sa a nan espas travay kote travayè yo kapab wè li ak facilitate.

Afich sa a disponib sou entènèt gratis epi ou ka kopye li: <https://www.maine.gov/labor/posters/>

Lè pou touche

Yo dwe peye anplwaye yo tout kòb yo omwen chak 16 jou. Yo dwe enfòmè anplwaye yo sou nenpòt rediksyon nan salè omwen yon (1) jou anvan chanjman an.

Peman salè

Yo dwe peye anplwaye ki kite travay yo tout kòb yo nan pwochen jou y ap fè peman an oswa nan espas de (2) semèn, nenpòt sa ki vini anvan an. Sa ka gen ladan'l peman konje ki akimile ak/oswa Konje Peye si yo di sa nan politik konpayi an oswa si yo fè sa an pratik.

Akò ki pa jis

Patwon yo pa kapab egzije pou yon anplwaye peye pou pèt tankou yon machandiz kase, move chèk, oswa bòdwo kliyan yo pa peye, ni pou infòm espesyal ak kèk zouti metye yo.

Pòz repo

Yo dwe bay pifò anplwaye yo yon poz repo peye oswa san peye ki dire 30 minit apre 6 èdtan travay.

Yo dwe bay manman ki nouris yo moman pòz san peye oswa otorize yo itilize pòz peye yo a oswa lè manje yo a pou yo tire lèt. Patwon an dwe fè jefò ki rezonab pou li bay yon chanm oswa yon kote ki pwòp, ki pa yon twalèt, kote pou manman ki nouris yo tire lèt.

Konje famiyal ak konje medikal

Yon anplwaye ki te travay pandan 12 dènye mwa yo nan yon espas travay ki gen 15 oswa plis anplwaye kapab gen konje peye oswa san peye pandan jiska 10 semèn pandan 2 ane pou:

- ◆ Akouchman oswa adopsyon yon timoun oswa timoun moun li plase avek li a;
- ◆ Maladi grav anplwaye a oswa fanmi pwòch, ki gen ladan moun li plase avek li a;
- ◆ Don ògàn;
- ◆ Lanmò oswa pwoblèm sante grav mari/madanm anplwaye a, moun li plase avè li a, paran oswa pitit li pandan mari/madanm, moun li plase a, paran oswa pitit la nan lame;
- ◆ Maladi grav oswa lanmò yon frè/sè ki ap viv ak li ak ki mete kòb ansam ak twavayè a.

(Konje famiyal ak konje medikal federal la diferan, rele nan 866-487-9243 pou jwenn plis enfòmasyon.)

Konje pou moun ki viktim vyolans, agresyon, agresyon seksyèl oswa Talonnay

Fòk yo otorize li sou demann si yon anplwaye (oswa yon timoun, paran oswa mari/madanm yon anplwaye) se yon viktim vyolans, agresyon, agresyon seksyèl oswa talonnay oswa nenpòt zak ki ta pral sipòte yon òdonans pou pwoteksyon anba Tit 19-A Lwa Revize Maine Anote, c. 101 epi anplwaye a bezwen tan pou li:

- ◆ Prepare pou pwosè lajistis oswa asiste pwosè lajistis; oswa
- ◆ Resevwa tretman medikal; oswa
- ◆ Jwenn sèvis ki nesèsè pou yo rezoud kriz la.

Kite travay la pou pran swen fanmi li

Si politik patwon an peye konje, fòk li kite anplwaye a itilize tout 40 èdtan yo nan yon peryòd 12 mwa pou li pran swen yon fanmi pwòch ki malad.

Konje peye (an vigè 01.01.2021)

Yon patwon ki bay plis pase 10 anplwaye travay nan yon biznis nòmal pandan plis pase 120 jou nan nenpòt ane sivil dwe pèmèt chak anplwaye gen konje peye selon pèman debaz anplwaye a. Yon anplwaye gen dwa pou li gen inèdtan konje peye nan men yon sèl patwon pandan 40 èdtan travay, rive jiska 40 èdtan nan yon ane travay. Ogmantasyon konje a kòmanse lè travay la kòmanse, men patwon an pa oblije kite anplwaye a itilize konje li a toutotan anplwaye a poko travay pandan 120 jou nan lespas yon (1) lane.

Kredi taks sou revni

Anplwaye yo ka elijib pou kredi taks sou revni federal ak leta. Anplwaye yo ka aplike pou kredi taks nan deklarasyon taks sou revni anplwaye a.

Remak: Lwa Federal sou Nòm Travay Jis pwoteje patwon Maine yo tou. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Biwo Salè ak Orè Depatman Travay Ameriken nan 866-487-9243.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

Maine Department of Labor
Bureau of Labor Standards
45 State House Station
Augusta, Maine 04333-0045
ki chita nan: 45 Commerce Drive
Telefòn: 207-623-7900 | itilizatè TTY yo, rele Maine Relay 711.
Paj entènèt: www.maine.gov/labor/bls
Kourye elektronik: bls.mdol@maine.gov

Travay sou Kontra - Selon lwa Maine, yo ka revoke yon anplwaye ki sou kontra pou nenpòt rezon lalwa pa entèdi. Nan pifò ka yo, ou se yon anplwaye sou kontra sof si yon akò kolektif oswa yon lòt kontra ki limite revokasyon an pwoteje ou. Si w gen kesyon sou travay sou kontra a, kontakte depatman resous imèn ou an oswa Biwo Nòm Travay la.